Estrateji: Kontinye ofri anplwaye yo fòmasyon sou lojman ekitab. Fòmasyon fèt avèk pèsonèl yo sou opòtinité egal pou aplikan yo ak patisipan yo san konsidere sitiayson yo kòm viktim vyolans domestik, vyolans mennaj oswa asèlman, oryantasyon seksyèl toutbon oswa sipoze, idantite seksyèl, ekspresyon seksyèl, ras, orijin nasyonal, orijin etnik, koulè, fanm ou gason, reliyon, laj, andikap, sitiayson familyal, eta matrimonyal, zansèt, gwochès oswa sous revni.

II. Dekonsantrasyon ak Lòt Politik ki Kontwole Elijibilite, Seleksyon, ak Admisyon.

- A. Dekonsantrasyon ka gen ladan, men li pa limite a bagay annapre yo:
Pa aplikab pou HCV

B. Lòt Politik ki Kontwole Elijibilite, Seleksyon, ak Admisyon

1. **Elijibilite**
 - a) Elijibilite etabli jan sa dekri nan Seksyon 8 Plan Administratif la
2. **Seleksyon ak Admisyon**
 - a) Òganizasyon Lis Datant lan
 - (1) PHCD seleksyone aplikan pou Pwogram Bon pou Chwa Lojman ak Pwogram Reyabilitasyon Modere nan lis datant separe.
 - (2) PHCD, sou rezèv apwobasyon Konsèy Komisyonè Konte a, ka chwazi disoud lis datant lan lè sa nesesè. Yon fwa lis datant lan disoud, aplikan ki sou lis datant lan nan moman lis datant lan te disoud la va konsève klasman yo epi yo pap oblige soumet nouvo aplikasyon pandan peryòd enskripsyon ouvè a. Malgre disolisyon lisdatant lan, PHCD va kontinye trete demann aplikan li tap trete anvan disolisyon lis datant lan.
 - (3) PHCD, sou rezèv apwobasyon Konsèy Komisyonè Konte a, ka chwazi ouvè lis datant lan si pa genyen ase aplikan pou yon gwochè chanmakouche oswa yon tip chanmakouche an

B O U Y O N**Tradiksyon ofisyèl**

patikilye (paregzanp: okipasyon jeneral, biling ki deziye pou gramoun aje, aksesib oswa ki pa aksesib, oswa pou youn oswa plizyè preferans lokal.)

(4) PHCD va anonse ouvèti ak fèmti peryòd enskripsyon yo sou platfòm medya sosyal, piblikasyon jounal ak nan radyo yon fason pou li jwenn tout segman kominate a epi pou li bay avi alavans.

(5) PHCD ka chwazi nan divès opsyon konsènan ki lè ak kòman pou li ouvè, jere, epi ranpli lis datant lan, sou rezèv apwobasyon Konsè la.

(6) Kèk nan opsyon sa yo ka gen ladan yo yon list datant elektwonik sèlman, kote klasman an baze sou dat ak lè aplikasyon an oswa nenpòt faktè aplikab ke ajans lan ka adopte, sou rezèv apwobasyon Konsè la.

(7) Plasman sou Lis Datant

PHCD va detèmine ki kantite aplikasyon pou li seleksyone pou plasman sou lis datant lan baze sou done istorik ak anpirik. Nimewo lis datant lan reprezante kantite aplikasyon ki dwe revize pou rive emèt ase bon pou absòbe tout finansman ki anba anba nan yon peryòd 12 a 18 mwa. Apre sa, sou rezèv apwobasyon Konsè Komisyonè Konte a, lis la va ouvè ankò.

PHCD va seleksyone aplikan yo pral plase sou lis datant lan pa mwayen yon pwosesis tiraj elektwonik ak seleksyon oaza. Yo va plase aplikan yo sou lis datant lan pa òd nimewo asiye yo ak selon preferans admisyon PHCD a(yo) ki dekri nan chapit sa a.

Fanmi ki pa seleksyone nan gwoup la pou plasman sou lis datant lan, yo va resevwa yon avi ke yon pa te seleksyone, ki enfòme ke yo ka aplike pwochèn fwa lis datant PHCD a ouvè.

(8) Sou rezèv apwobasyon Konsè la, PHCD pwopoze pou li etabli lis datant sou plas nan sit yo pou Pwogram Bon pou Pwojè Seksyon 8 li a epi konfòmeman a politik annpre yo:

- Fanmi enterese yo va fè PHCD yon demann.
- Preferans admisyon yo adopte yo va disponib pou aplikan yo ka mande yo pandan enskripsyon ouvè a.

Note ke selon apwòch lis datant sou plas nan sit la, fanmi yo fè demann pou pwopriyete ki pi byen reponn a bezwen yo, tankou aksè a travay, sipò pou fanmi, lekòl, transpò piblik, lopital, etablisman medikal, eksetera. Miz ann aplikasyon yon lis datant sou plas nan sit yo va akselere pwosesis kontra Iwaye a piske pwogram nan refere fanmi yo sèlman a pwopriyete kote yo eksprime yo enterese rete.

b) Pwosesis Inisyal

Nan dat 12 desanm 2023, Konsè Komisyonè Konte Miami Dade te adopte Rezolisyon R-1078-23 ki te otorize disolisyon lis datant Pwogram Bon Pou Chwa Lojman Seksyon 8 la soti 31 oktòb 2023 rive 31 desanm 2023, e yo louvri lis datant la bay piblik la an jeneral apati 5 fevriye 2024 jiska 19 fevriye 2024.

c) Tan Rechèch

- Dire tan inisyal bon Seksyon 8 la toujou rete 60 jou apati dat yo emèt bon an. PHCD ka pwolonje dire tan inisyal la pou 60 jou adisyonèl san li pa depase yon gran total 120 jou konfòmeman a Plan Administratif Seksyon 8 la.
- Dire tan bon an ka pwolonje pou plis pase 120 jou kòm akomodasyon rezonab.

d) Preferans Admisyon

- (1) Pami preferans admisyon yo, genyen:

- Veteran
- Sanzabri jan Homeless Trust Konte Miami-Dade verifye dapre Avi PIH 2023-13.

B O U Y O N**Tradiksyon ofisyèl**

- Moun ki pa granmoun aje ki gen andikap ki ap sòti nan enstitisyon ak lòt kad separe, ki gen anpil risk pou yo mete yo nan enstitisyon, ki sanzazil, oswa ki gen risk pou yo vin sanzazil pou Pwogram HCV Prensipal la, lè HUD bay finansman pou sa.
 - Rezidan Lojman Biblik Konte Miami-Dade ki gen konsekans pandye sou yo akòz yon aktivite yon kò gouvènman ap mennen oswa an rapò avèk aplikasyon kòd oswa yon pwogram amelyorasyon biblik oswa pwogram devlopman biblik ki gen ladan RAD men ki pa limite a sa sèlman.
 - Yo ka bay preferans a granmoun aje ki rezidan nan sèten devlopman biblik espesifik ke yo planifye pou redevelopman pou Pwogram Bon pou Pwojè (PBV) Seksyon 8. PHCD dwe detèmine ki inite PBV ki va deziye pou inite lojman biblik pou granmoun aje yo va bay preferans sa a.
 - Fanmi PHCD te retire nan pwogram nan akòz ensifizans fon.
 - Preferans rezidans pou moun ki rezide nenpòt kote nan Konte Miami-Dade, gen ladan yo fanmi ki travay oswa yo aboche pou travay nan Konte Miami-Dade.
- (2) Sòf si gen deziyasyon granmoun aje/andikape yon pwopriyete oswa sous finansman ki entèdi sa klè, tout preferans pou lis datant pou lokatè a aplike tou pou tout lis datant sou plas nan sit PBV.
- (3) PHCD ka anonse preferans pou lis datant sou plas nan sit PBV sou yon baz devlopman pa devlopman pa mwayer pòtay lib sèvis/sèvis lib la ak/oswa piblisite devlopè a, oswa pa mwayer lòt metòd apwopriye.
- (4) Yon preferans admisyon pou aplikan ki gen bezwen evidan pou sèvis espesyalize yon pwojè patikilye ofri va disponib pou lis datant sou plas nan sit yo. Nenpòt moun ki kalifye pou sèvis yo dwe kapab resevwa preferans lan, pami yo genyen moun ki kalifye ki gen andikap.
- Pami egzant yo genyen men sa pa limite a: preferans ki ka sèlman pou moun ki kalifye pou asistans travay, oswa pou sèvis transpò, oswa yon preferans ki ka pou moun ki kalifye pou asistans travay menaj nan kay, jesyon ka, sèvis sante ekstèn, asistans pèsonèl, sèvis edikasyon, sèvis ki fèt pou ede benefisyè a rete nan kominate a osi endependan ke posib, sèvis pou yon andikap byen detèmine tankou sèvis sante mantal, ak sèvis ede moun pran remèd, ke yo ofri pou sipòt yon moun ki gen yon andikap.
- (5) Preferans annapre la yo ke pwojè pakitilye a ofri va disponib pou lis datant sou plas nan sit PVB:
- Yon preferans pou rezidan lojman biblik ke redevelopman ak/oswa nenpòt aksyon gouvènman afekte.
 - Fwaye ki gen granmoun aje 62 an oswa plis.
 - Dapre egzijans reglemantasyon (paregzanp: fanmi sou plas ki elijib, dwa fanmi an pou li retounen, fanmi granmoun aje, oswa inite kote genyen sèvis sipò, oswa moun ki gen yon andikap mobilite pou inite aksesib).
 - PHCD ka etabli plis preferans admisyon toujou pou ede popilasyon vilnerab yo, sou rezèv disponiblite resous e nan diskresyon li. Pami egzant popilasyon kon sa genyen: fanmi ki nan pwogram pwoteksyon temwen, ansyen delenkan ak ansyen kriminèl ki fè pati yon pwogram reyentegrasyon, ak fanm ansent oswa fanm ki gen timoun kote yon manm fanmi an oswa plis gen yon dyagnostik sendwom iminodefisyans akiz (SIDA).
 - Yon preferans pou Fanmi ki gen Bezwè Espesyal, jan sa defini nan Seksyon 67-48.002(108) Kòd Administratif Florid la (FAC), ki ka amande, yon Ajans Referans pou Fanmi ki gen Bezwè Espesyal ka bay referans, jan sa defini nan seksyon 67-48.002(109) FAC a
- (6) PHCD ka etabli plis preferans admisyon toujou pou ede popilasyon vilnerab yo, sou rezèv disponiblite resous e nan diskresyon li. Pami egzant popilasyon kon sa genyen: rezidan

B O U Y O N**Tradiksyon ofisyèl**

lojman publik sou baz chak ka apa akòz redevelopman ak ijans, fanmi ki nan pwogram pwoteksyon temwen, ansyen delenkan ak ansyen kriminèl ki fè pati yon pwogram reyentegrasyon, ak fanm ansent oswa fanm ki gen timoun kote yon manm fanmi an oswa plis gen yon dyagnostik sendwom iminodefisyans akiz (SIDA).

(7) PHCD rezève dwa pou li ajoute yon preferans admisyon pou rezon imanitè ak estwòdinè.

d) Siblaj Revni

Omwen 75 pousan fanmi ke yo admèt nan pwogram PHA a pandan yon ane fiskal PHA dwe se fanmi ki fanmi ki gen revni ekstrèmman fèb, pandan 25 pousan ka gen ladan yo fanmi ki gen revni fèb.

3. Inisyativ Espesyal pou Lojman

PHCD, sou rezèv disponiblite resous e nan diskresyon li, ka devlope inisyativ espesyal pou lojman ki ka resevwa yon preferans admisyon. Inisyativ espesyal sa yo pou lojman ka sible fanmi yo nome espesifikman epi yo ka baze sou priyorite PHCD ak priyorite kominotè oswa sou demann HUD.

4. Admisyon Espesyal (Asistans HUD Sible)

PHCD ka aksepte yon fanmi ki pa sou lis datant la oswa san li pa konsidere pozisyon fanmi an nan lis datant la si HUD bay asistans ki sible pou:

- Moun ki deplase.
- Rezidan Lojman Piblik sou baz chak ka apa akòz redevelopman.
- Antant òdone, oswa direktiv ke yon tribunal Etazini oswa HUD bay nan sa ki gen pou wè avèk emisyon bon pou moun ki pa nan lis datant lan.
- Pwogram Regwouzman Familyal (FUP).
- Afè Veteran ak Lojman ki gen sèvis Sipò (VASH).
- Bon Prensipal (MS5).
- Andikape ki pa Granmoun Aje (NED)
- Foster Youth [to] Independence (FYI)
- Lojman prezèvasyon konfòmeman a Plan Administratif Seksyon 8 la.
- Antant Pwosè – PHCD dwe konfòme a tout lòd, antant, oswa direktiv ke yon tribunal Etazini oswa HUD bay nan sa ki gen pou wè avèk emisyon bon pou moun ki pa nan lis datant lan.
- Bon Dijans pou Lojman (EHV)

III. Resous Finansyè.

Resous Finansyè. Sous ak Itilizasyon Planifye pou Bon pou Chwa Lojman Sèlman		
Sous	Preliminè Estimasyon	Planifye Itilizasyon
1. Federal (AF 2023-2024)		
Kontribisyon Ànyèl pou Asistans pou Lokatè ak Asistans pou Pwojè Seksyon 8 (HAP ak Frè Adm.)	\$ 314,000,000	
2. Resous ki pa federal	\$ 8,000,000	Pa aplikab
Total Resous yo	\$ 322,000,000	

Remak: Tout montan yo apwoksimatif epi yo kapab chanje.

IV. Detèminasyon Lwave.

- Pwogram Bon pou Chwa Lojman Seksyon 8, Bon Seksyon 8 ki baze sou Pwojè ak Pwogram Reyabilitasyon Modere Seksyon 8:
 - Estanda Peman: PHCD re-evalye Estanda Peman yo chak ane dapre FMR la. Estanda peman pou yon inite lojman patikilye etabli ant 90% e 110% nan FMR la.

B O U Y O N**Tradiksyon ofisyèl**

2. PHCD te fikse yon peman lwave minimòm nan \$50.00. Jan règleman yo egzije, pwovizyon pou difikilte finansye disponib pou rezidan ak patisipan pwogram nan ki kalifye.
3. Dapre Règ Final HUD sou Opòtinite Lojman atravè Lwa Modènizasyon (HOTMA) 2016: Aplikasyon Seksyon 102, 103, ak 104 ki te pibliye 14 fevriye 2023 a nan Rejis Federal ak Avi PIH 2023-27, PHCD pran reta jiska migrasyon sou Pòtay Enfòmasyon sou Lojman an (HIP) fin fèt. Dat pou konplete migrasyon an prevwa pou 1ye janvye 2025. PHCD ap kontinye suiv Plan Administratif Seksyon 8 ki egziste deja jiskaske lojisyèl PHCD an konfòm ak HIP.

V. Fonksyònman ak Jesyon.

- A. Men ki kote politik jesyon Pwogram Seksyon 8 yo ye:

1. Plan Administratif Seksyon 8 la (Gade nan Anèks C)

Nan dat 12 desanm 2023, Konsèy Komisyonè Konte Miami Dade te adopte Rezolisyon Nimewo R-1083-23 ki apwouve Plan Administratif Seksyon 8 la.

Nòt: Dapre Règ Final HUD sou Opòtinite Lojman atravè Lwa Modènizasyon (HOTMA) 2016: Aplikasyon Seksyon 102, 103, ak 104 ki pibliye 14 fevriye 2023, nan Rejis Federal la ak Avi PIH 2023-27, PHCD te aplike tout Politik HOTMA ki anvigè 1ye janvye 2024, sepandan, aplikasyon revizyon HOTMA sa yo pran reta jiskaske migrasyon sou Pòtay Enfòmasyon sou Lojman an (HIP) fin fèt. Dat pou konplete migrasyon an prevwa pou 1ye janvye 2025. PHCD ap kontinye suiv Plan Administratif Seksyon 8 ki egziste deja jiskaske lojisyèl PHCD an konfòm ak HIP.

Remake byen ke revizyon HOTMA ki gen rapò ak Earned Income Disallowance (EID) se eksepsyon an e li anvigè. EID pa p aplike ankò apre 31 desanm 2023. Sepandan, rès fanmi yo va fini peryòd esklizyon 24 mwa yo. Sa vle di pa gen okenn fanmi ki va resevwa EID apre 31 desanm 2025.

a) Pwopozisyon Revizyon

- (1) Ajoute yon sanzabri kòm Miami-Dade County Homeless Trust verifye ann akò ak Avi PIH 2023-13.
- (2) Revize preferans pou rezidan Lojman Piblik Konte Miami-Dade ki ka afekte pa nenpòt aktivite nenpòt enstitisyon gouvènmantal ap fè oswa an koneksyon avèk aplikasyon kòd oswa yon pwogram amelyorasyon oswa pwogram devlopman epi pwogram RA, elatriye.

- B. Amelyore rezulta evalsyasyon SEMAP a:

1. Mentni Degre Pèfòmans Elve nan Pwogram Evelyasyon Jesyon Seksyon 8 (SEMAP).
2. Kontinye aplikabilite Rapò sou Enfòmasyon ak Verifikasyon Revni EIV yo (sètadi Rapò sou Lokatè ki Desede, Rapò sou Sibvansyon Militip, Rapò sou Verifikasyon Idantite, Rapò sou Imigrasyon, ak Rapò sou Zouti Validasyon Revni).

VI. Pwosedi Règleman Plent.

- A. Pou kòmanse pwosedi règleman griyèf la, kandida yo ak rezidan yo ka mande egzamen ak odyans enfòmèl, yo chak nan lòd, nan men divizyon oswa biwo jesyon korespondan an.
- B. Plan Administratif Seksyon 8 la genyen règleman sou doleyans pou pwogram Seksyon 8 nan Chapit 29 eksepte pwogram RAD PBV; Yo jwenn Pwosedi doleyans pou pwogram RAD PBV nan Chapit 32.6.J.

VII. Pwogram pou ede moun vin pwopriyetè.

- A. Èd pou Lokatè Achte Kay Seksyon 8:

PHCD ofri patisipan yo asistans pou achte kay. Kounye a gen 172 fanmi nan pwogram nan.

VIII. Pwogram Sèvis Kominotè ak Otosifizans.

- A. Politik ak pwogram pou otosifizans ekonomik e sosyal:

1. Sa ki nan kowòdinasyon efò yo se:

a) Fasilite ofri sèvis ak pwogram sosyal ak otosifizans pou fanmi ki elijib.

B O U Y O N**Tradiksyon ofisyèl**

2. Politik Otosifizans:
 - a) Konfòmeman a 24 CFR § 984.201, PHCD te aktyalize Plan Dakson FSS pou antre nouvo egzijans ladan. Plan Dakson FSS la te al jwenn HUD ki te apwouve I. Lokatè Seksyon 8 genyen preferans pou yo patisipe nan pwogram achte kay Seksyon 8 la.
 3. Pwogram Otosifizans pou Fanmi:
 - a) Finansman HUD pou pwogram sa a fèt sèlman pou li kouvri depans pou estaf. Pwogram sa a pa pèmèt okenn detounnan asistans (paregzanp ekolaj, fòmasyon travay, klas, frè egzamen) pou patisipan nan pwogram nan. Remak: Pa gen okenn finansman HUD pou okenn pwogram FSS pou Lojman Piblik.
- B. Rediksyon Avantaj Wèlfè:
 Etabli yon pwotokòl pou echanj enfòmasyon avèk tout ajans sèvis sosyal apwopriye.
- C. Konfòmite avèk egzijans Sèvis Kominotè:
 Pa aplikab pou HCV

IX. Sekirite ak Prevansyon Krim.

- A. Deskripsyon tout aktivite prevansyon krim ke PHA a ap mennen oswa pral mennen:
1. Patenarya avèk Biwo Pwokirè Etazini ak Biwo Pwokirè Eta a nan Miami-Dade.
 2. Menni Liy Asistans Telefonik kont Fwòd Sèvis Konfòmite a ak Liy Asistans Telefonik kont Krim ak Fwòd Seksyon 8 la.
 3. Kontinye verifikasyon pase kriminèl sou aplikant adilt yo.
 4. Kontinye envestigasyon sou akizasyon PHA a resevwa sou okipan/pansyonè ilegal nan pwogram lojman Seksyon 8 yo.

X. Règleman konsènan Bèt Kay.

Pa aplikab pou HCV

XI. Jesyon Aktif.

Pa aplikab pou HCV

XII. Ekatman Fondamantal.

- A. Bagay annapre yo va konsidere kòm yon Ekatman Fondamantal parapò ak Plan Senk Ane a:
- Yon chanjman konsiderab nan direksyon ki gen pou wè avèk bi ak objektif li yo.
 - Egzekisyón nouvo pwogram ki pa fè avanse misyon oswa bi ki deklare yo jan yo prezante nan Plan Senk ane aktyèl la.
- B. Yon eksepsyon a definisyon sa a va fèt pou aktivite pwogram nan ki obligatwa oswa ke yo adopte pou reflete chanjman nan règleman HUD yo oswa akòz yon ijans deklare sou plan nasyonal oswa lokal. Nan ka sa yo, chanjman nan administrasyon/pwogram yo p ap konsidere kòm Ekatman Fondamantal parapò a Plan Senk Ane an.
- C. Nan kad RAD a , PHCD ap redefini definisyon yon ekatman fondamantal parapò a Plan PHA a pou retire ladan bagay sa yo ki gen pou wè espesyalman ak RAD:
- Desizyon pou chanje an Asistans Lwave nan Pwojè (PBRA) oswa Asistans Bon pou Sit (PBV) nan kad RAD;
 - Chanjman nan Bidjè Fon Kapital ki pwodui gras a chak Konvèsyon ki apwouve nan RAD, san konsidere si konvèsyon ki pwopoze a pral gen ladan itilizasyon plis Fon Kapital;
 - Chanjman nan plan konstriksyon ak reyabilitasyon an pou chak konvèsyon RAD ki apwouve; epi
 - Chanjman nan estrikti finansman an pou chak konvèsyon RAD ki apwouve.
 - Chanjman nan distribisyon inite yo, nan kantite total inite yo, oswa toude nan yon konvèsyon ki apwouve nan RAD oswa konvèsyon RAD Konbine, oswa nan lòt pwogram ki lye ak RAD. Remake kePHCD rete angaje konplètman pou li konfòme a egzijans RAD la ki mande pou li ofri yon ranplasman pou yon inite nan tout inite lojman piblik pou tout pwojè konvèsyon RAD yo. Chanjman yo ki mansyone nan deklarasyon sa a konsène distribisyon inite ant biling ak sit ak kantite total inite yo, paske sa yo ka chanje selon kantite inite rezidansyèl ki vin ajoute anplis inite RAD yo.

B O U Y O N**Tradiksyon ofisyèl**

- Chanjman nan pwogram devlòpman yo jan sa endike ant pwojè RAD, pwojè RAD Konbine, Finansman Miks HUD, ak pwojè LIHTC sèlman epi yo tout nan kad definisyon lojman abòdab la.

XIII. Amannman oswa Modifikasyon Enpòtan.

- A. Aksyon sa yo va konsidere kòm yon Amannman oswa Modifikasyon Enpòtan nan Plan senk ane a oswa nan Plan Anyèl la:
- Yon chanjman ki ta gen gran efè sou lwave oswa sou règleman admisyón oswa òganizasyon lis datant PHCD a
 - Gran ogmantasyon eleman travay ki pa ijan ki pa nan Deklarasyon Anyèl Pwogram Fon Kapital yo.
 - Yon eksepsyon pou definisyon sa a pral fèt pou tout nouvo aktivite ke yo adopte pou reflete chanjman nan kondisyon reglementasyon HUD oswa kòm yon rezulta yon ijans deklare (chanjman sa yo pa pral konsidere kòm amannman oswa modifikasyon enpòtan PHCD fè)
 - Tout pwopozisyon demolisyon, eliminasyon, posesyon kay, finansman Fon Kapital, devlopman, oswa pwojè a finansman miks ki pa idantife nan plan an.

B.2.B –Nouvo Aktivite.

Èske PHA a gen entansyon antreprann nouvo aktivite ki gen rapò ak sijè annapre yo pandan Ane Fiskal aktyèl PHA a?

<i>W</i>	<i>N</i>	
<input type="checkbox"/>	<input checked="" type="checkbox"/>	I. Hope VI oswa Chwa Katye.
<input checked="" type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	II. Modènizasyon oswa Devlopman a Finans Miks.
<input checked="" type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	III. Demolisyon ak/oswa Eliminasyon.
<input type="checkbox"/>	<input checked="" type="checkbox"/>	IV. Lojman ki Deziye pou Granmoun Aje ak/oswa pou Fanmi Moun ki Gen Andikap.
<input type="checkbox"/>	<input checked="" type="checkbox"/>	V. Konvèsyon Lojman Piblik an Èd pou Lokatè.
<input checked="" type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	VI. Konvèsyon Lojman Piblik an Èd pou Pwojè nan pwogram RAD.
<input checked="" type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	VII. Lè Fanmi ki Gen Revni Elve Okipe Yon Inite.
<input type="checkbox"/>	<input checked="" type="checkbox"/>	VIII. Ofisyè Polis kom Lokate.
<input checked="" type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	IX. Politik Anti-Tabak.
<input checked="" type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	X. Bon pou Pwojè
<input type="checkbox"/>	<input checked="" type="checkbox"/>	XII. Inite ki Gen Plas Vid Apwouve pou Modènizasyon
<input type="checkbox"/>	<input checked="" type="checkbox"/>	XIII. Lòt Pwogram Sibvansyon Kapital (sètadi, Sibvansyon Fon Kapital pou Etablisman Kominotè oswa Sibvansyon Dijans pou Pwoteksyon ak Sekirite).

Si genyen nan aktivite sa yo ki planifye pou Ane Fiskal aktyèl la, dekri aktivite yo. Pou nouvo aktivite demolisyon, dekri tout devlopman lojman piblik oswa pòsyon nan yo, ki pwopriyete PHA a epi PHA a fè demann oswa pral fè demann pou apwobasyon demolisyon ak/oswa eliminasyon yo daprè seksyon 18 Lwa 1937 la nan kad pwosedи apwobasyon demolisyon/eliminasyon separe a. Si w ap sèvi avèk Bon pou Pwojè (PBV), bay kantite inite ou prevwa pou pwojè ak kote y ap ye an jeneral, epi dekri kòman itilizasyon nan pwojè a ka ale avèk Plan PHA a.

I. HOPE VI oswa Choice Neighborhoods.

Pa aplikab pou HCV

II. Modènizasyon oswa Devlopman a Finans Miks.

PHCD ka fè Demonstrasyon Asistans pou Lwave (RAD).

III. Demolisyon ak/oswa Eliminasyon.

PHCD ka konvèti devlopman Lojman Piblik ki la deja an Bon pou Sit (PBV) nan kad RAD.

IV. Lojman ki Deziye pou Granmoun Aje ak/oswa pou Fanmi Moun ki Gen Andikap.

Pa aplikab pou HCV

V. Konvèsyon Lojman Piblik an Èd pou Lokatè.

Pa aplikab pou HCV

B O U Y O N

Tradiksyon ofisyèl

VI. Konvèsyon Lojman Biblik an Èd pou Pwojè nan pwogram RAD.

Gras a pwogram RAD a, opsyon finansman miks, ak fon kapital, pam i lòt, PHCD pral antreprann konvèsyon devlopman lojman biblik an Bon pou Sit (PBV) nan kad RAD, pou modènize devlopman li déjà genyen yo, anpil nan yo nan finisman oswa toupre finisman sik lavi yo, ak lòt modènizasyon enpòtan ki nòmalman obligatwa nan yon envantè lojman ki fin ansyen.

Apre konvèsyon an PBV selon RAD, PHCD pral adopte dwa, patisipasyon rezidan yo, pwosed pou lis datant ak règleman griyèf yo konfòmeman a Seksyon 1.6 Avi PIH 2019-23, Mizannèv Final RAD, REV-4, ak tout enstriksyon oswa amannman siplemantè ki vini apre sa.

PHCD respekte epi ap kontinye respekte Avi RAD sou Lojman Ekitab, Dwa Sivil, ak Demenajman an (Avi Konjwen Lojman/PIH H-2016-17/PIH-2016-17). Met sou sa, PHCD va konfòme avèk tout egzijans ki etabli nan Rezolisyon Nim. R1329-19 ak R-1181-19 Konsèy Komisyònè Konte Miami-Dade, ki egzije (i) ke anvan fèmti yon sit lojman biblik pou rezon sante ak sekirite, Pwogram RAD a oswa pou tout lòt rezon, Konsèy Komisyònè Konte a dwe apwouye yon fèmti kon sa, epi (ii) ke Konte a egzekite Akò Demenajman Lokatè yo avèk chak nan lokatè yo ke fèmti yon sit lojman biblik afekte oswa ki demenaje akòz Pwogram RAD a, respektivman.

Remake ke Avi Konjwen Lojman/PIH la te pibliye nan dat 10 novanm 2016 epi li gen ladan kondisyon sou Kontinyasyon Pozitif Lojman Ekitab (AFFH). Sepandan, yo amande avi sa a avèk Avi ki gen pou tit AFFH: Responsabilite Fè Analiz Anpèchman ki te pibliye 23 me 2018 nan Rejis Federal la.

PHCD sètifye ke tout sit ki ap konvèti asistans yo va konfòme a egzijans seleksyon sit yo ke 24 CFR § 983.57 te etabli, Lwa sou Lojman Ekitab la, Tit VI Lwa sou Dwa Sivil 1964 la, ansanm ak aplikasyon règlementasyon 24 CFR § 1.4(b)(3), Seksyon 504 Lwa sou Reyabilitasyon 1973 la ansanm ak aplikasyon règlementasyon 24 CFR § 8.4(b)(5), ak Lwa sou Ameriken ki gen Andikap la.

VII. Lè Fanmi ki Gen Revni Elve Okipe Yon Inite.

Konfòmeman a Avi PIH Notice 2019-23, Miz ann Aplikasyon Final RAD a, REV-4, HUD te renonse egzijans reglementè yo pou pèmèt yon inite ki te gen yon fanmi a revni elve nan moman konvèsyon an kontinye resevwa asistans. Lè fanmi ki pa bezwen kalifye a kite, yo dwe lwe inite a bay yon fanmi ki kalifye.

VIII. Ofisyè Polis kom Lokate.

Pa aplikab pou HCV

IX. Politik Anti-Tabak.

Ankouraje yon politik antitabak konfòmeman a Rezolisyon Komisyònè Konte Miami-Dade Nim. R-1003- 15 ak R-582-16.

X. Bon pou Pwojè.

- A. A.Selon disponibilite finansman adisyonèl, PHCD estime l ap mete disponib yon maksimòm 20% nan alokasyon Seksyon 8 li a pou asistans Bon pou Pwojè (PBV).
- B. Men kote ki gen bon pou pwojè aktyèlman:
 - 1. Verde Gardens
 - 2. Shuler Manor
 - 3. Del Prado
 - 4. Marcia Gardens
 - 5. Coalition Lift
 - 6. Golden Lakes
 - 7. Coquina Place
 - 8. Wagner Creek
 - 9. Modello Apartments
 - 10. Centerra Townhomes
 - 11. Joe Moretti 2B
 - 12. Robert King High
 - 13. Northside Commons

B O U Y O N**Tradiksyon ofisyèl**

- 14. Brisas Del Rio
 - 15. Three Round Tower C
 - 16. Max Landing
 - 17. The Gallery at Smathers Plaza Phase III
 - 18. Brisas Del Este Phase Two
 - 19. Haley Sofge 800
 - 20. Paseo Del Rio
 - 21. Mosaico
 - 22. Lincoln Gardens
- C. Nou atann nou aske apwobasyon inite pou PBV yo ogmante rive apeprè 400 inite.
- D. Pami yo genyen lojman piblik annapre yo ki konvèti an PBV nan kad RAD ki ka gen ladan yo inite ki nan PBV regilye (opsyon konbine Seksyon 18/RAD):
1. Joe Moretti – Phases I, 2A, ak 2B
 2. Dante Fascell Apartments
 3. Stirrup Plaza
 4. South Miami Plaza
 5. Jack Orr Plaza Phase 1
 6. Collins Park Apartments
 7. Three Round Tower A
 8. Three Round Towers B and C
 9. Robert King High
 10. Brisas Del Este Phase 2
 11. Paseo Del Rio
 12. Gallery at River Parc
 13. Brisas del Rio
 14. Haley Sofge Building 800
 15. South Miami Gardens
 16. Quail Roost Transit Village I
 17. Culmer Apartments
 18. Gallery at Marti Park
 19. Brisas Del Este Apartments
 20. Gallery at West Brickell

XI. Inite ki Gen Plas Vid Apwouve pou Modènizasyon.

Pa aplikab pou HCV

XII. Lòt Pwogram Sibvansyon Kapital (sètadi, Sibvansyon Fon Kapital pou Etablisman Kominotè oswa Sibvansyon Dijans pou Pwoteksyon ak Sekirite).

Pa aplikab pou HCV

B.2.C Rapò Pwogrè.**I. Ogmante disponibilite lojman abòdab ki reflete egzijans HUD ak egzijans lokal.**

- A. Nan kad Pwogram Evalyasyon Jesyon Seksyon Uit la (SEMAP), PHCD te pran Degre Pèfòmans Elve (li te fè nòt 96.055 poustan) pou ane fiskal ki te fini 30 septanm 2021 an. konfòmeman a Avi PIH 2020-14, HUD te pwolonje sispanson klasman SEMAP a pou ane fiskal ki fini 30 septanm 2021 an.

II. Amelyore kalite lavi ak vitalite ekonomik nan kominote a.

- A. PHCD ap kontinye efò pou kreye yon Konsèy Konsilitatif Rezidan epi pou devlope relasyon avèk lòt kolaboratè nan kominote a.

III. Garanti Opòtinite Egal nan Zafè Lojman pou tout Ameriken.

- A. Te respekte Lwa sou Lojman Ekitab, ak lòt lwa ak règleman sou dwa sivil epi te fè Fòmasyon sou Lojman Ekitab pou pèsonèl la.

Anèks D

Opsyon Melanj RAD/Seksyon 18 ak Konfigirasyon Sit

I. Opsyon Melanj RAD/Seksyon 18

Nan dat 19 janvye 2021, HUD te pibliye Avi PIH-2021-07, Miz ann Aplikasyon Final RAD, Revizyon 4. Avi a diskite zouti ki disponib pou PHA a pou melanje Seksyon 18 Lwa sou Lojman 1937 la ak RAD pou fè reyabilitasyon konplè oswa nouvo konstriksyon lojman li yo. Nan dat 27 jiyè 2023, HUD te pibliye Avi PIH-2023-19, Avi Siplemantè RAD 4B, ki amande PIH-2021-07 nan revize definisyon zòn a depans elve ki itilize pou defini pouvantaj inite ke yo ka elimine atravè Seksyon 18 konfòmeman a yon melanj RAD/Seksyon 18.

Avi a, jan li amande a, di konsa:

“e. Melanj Apwobasyon Eliminasyon Seksyon 18 avèk Konvèsyon Demonstration Asistans Lwaye RAD.PHA a ap konvèti yon pòsyon inite lojman publik yo nan kad yon Pwojè Konvèsyon epi I ap ranplase inite yo pwopoze pou eliminasyon avèk asistans pou pwojè nan Seksyon 8 nan Pwojè ki Kouvri a, jan ekspresyon “Pwojè Konvèsyon” ak “Pwojè ki Kouvri” gen definisyon yo nan Revizyon Avi Miz ann Aplikasyon Final RAD a 4 (H-2019-09 PIH-2019-23 (HA)), jan yo amande tanzantan (“Avi RAD” la). Kantite total inite ranplasman yo (RAD ak pwojè Seksyon 8) dwe satisfè egzijans RAD yo pou “gwo konvèsyon asistans”.

(1) Melanj Konstriksyon RAD/Seksyon 18. Pousantaj inite ki elijib pou eliminasyon nan kad Pwojè Konvèsyon an baze sou depans dirèk pou konstriksyon, pamì yo genyen egzijans jeneral, frè jeneral ak pwofi, ak pèfòmans obligasyon, ke yo pwopoze pou nouvo konstriksyon oswa reyabilitasyon Pwojè ki Kouvri a. Pou tranzaksyon yo pwopoze a elijib, li pa dwe itilize 9% Kredi sou Taks pou Lojman a Baz Revni Fèb. Sa ki vini annpre a etabli pousantaj inite yo ki elijib pou eliminasyon nan kad Pwojè ki Kouvri a selon nivo aktivite konstriksyon an:

(a) Si depans dirèk pou konstriksyon yo egal oswa depase katrevendi pousan (90%) Depans Konstriksyon Lojman yo (HCC) jan HUD pibliye sa pou zòn mache an kesyon an, selon diskresyon PHA a, jiska swasant pousan (60%) inite nan Pwojè ke yo ap konvèti a ka elimine nan kad Seksyon 18. Pou zòn a depans elve, ki define kòm zòn sa yo kote HCC a depase san ven pousan (120%) HCC mwayèn nasyonal la oswa kote kantite konstriksyon ki nesesè pou konvèti inite yo de kondisyon aktyèl yo ye a, a kondisyon ke yo pwopoze kòm rezulta Travay la ka koute plis pase de san pousan (200%) HCC mwayèn nansyonal la selon diskresyon PHA a jiska katrevi pousan (80%) inite ki nan Pwojè Konvèsyon an ke yo ka elimine nan kad Seksyon 18.

(b) Si depans dirèk pou konstriksyon yo egal oswa depase swasant pousan (60%) men yo pi ba pase katrevendi pousan (90%) Depans Konstriksyon Lojman yo jan HUD pibliye sa pou zòn mache an kesyon an, selon diskresyon PHA a, jiska karant pousan (40%) inite nan Pwojè ke yo ap konvèti a ka elimine nan kad Seksyon 18.

(c) Si depans dirèk pou konstriksyon yo egal oswa depase trant pousan (30%) men yo pi ba pase swasant pousan (60%) Depans Konstriksyon Lojman yo jan HUD pibliye sa pou zòn mache an kesyon an, selon diskresyon PHA a, jiska ven pousan (20%) inite nan Pwojè ke yo ap konvèti a ka elimine nan kad Seksyon 18.”

II. Konfigirasyon Sit

A. Haley Sofge – Building 800

Haley Sofge (FL005000835) fèt avèk 475 inite lojman piblik, ki gen ladan yo de gwo bilding – Tower 750 ak Tower 800.

Building 800 fèt ak 240 inite ke yo te konvèti an RAD nan kad konvèsyon melanj RAD/Seksyon 18. PHA a te te resevwa ranplasman bon pou pwoteksyon lokatè (TPV) anvan konvèsyon RAD a ki pral itilize pou pwojè sa a. Yo pral pousuiv divès sous finansman, tankou men pa sèlman melanj RAD/Seksyon 18 ak Kredi sou Taks pou Lojman a Baz Revni Fèb (LIHTC) pou ede avèk sa konstriksyon an koute, sa tranzaksyon yo koute, ak finansman global pwojè a. Pwojè a ka sou kontwòl restriksyon LIHTC.

Dapre Seksyon 1.4.A.12 Avi RAD a, "pou sa ki konsène sou-seksyon sa a, transfè asistans pa gen ladan transfè a yon sit ki tou pre". Pakonsekan, transfè asistans sa yo a pwopriyete nan tablo pi wo a pa Transfè Asistans nan kad RAD.

B. Haley Sofge – Building 750

Haley Sofge (FL005000835) fèt avèk 475 inite lojman piblik, ki gen ladan yo de gwo bilding – Tower 750 ak Tower 800.

Building 750 fèt ak 235 inite. Nan 235 inite yo, 195 te transfere nan fason sa yo: 1) 66 inite te transfere a Paseo del Rio, yon nouvo pwojè konstriksyon tou pre a nan kad yon melanj RAD/Seksyon 18 gras a transfè asistans; 2) 93 inite te transfere a Gallery at West Brickell nan kad yon melanj RAD/Seksyon 18 gras a transfè asistans (jan yo dekri pi ba a); epi 36 inite yo te transfere nan Galeri nan Marti Park anba yon melanj RAD/Seksyon atravè transfè asistans (jan yo dekri pi ba a).

Yo ka ranplase rès 40 inite ki rete yo pa mwayen yon konbinezon pwojè sou plas ak pwojè ki pa sou plas. Ranplasman ki pa fèt sou plas te ka fèt gras a transfè asistans a lòt sit, sa ka nan menm katye ak sit aktyèl la, kon sa tou li ka pa nan menm katye a.

C. Gallery at West Brickell

Gallery at West Brickell fèt ak 465 inite, nouvo konstriksyon, pwojè LIHTC a revni miks nan katye Brickell nan Vil Miami. Katreventrèz (93) inite ki nan pwogram asistans pral transfere soti nan Building 750 Haley Sofge (FL005000835) nan kad yon transfè asistans melanj RAD/Seksyon 18. PHCD te fè demann pou ranplasman TPV anvan konvèsyon an RAD a. Si HUD akòde demann nan, bon pou pwojè yo va sèvi pou pwojè sa a. Yo pral pousuiv divès sous finansman, tankou melanj RAD/Seksyon 18 ak LIHTC pou ede avèk sa konstriksyon an koute, sa tranzaksyon yo koute, ak finansman global pwojè a. Pwojè a ka sou kontwòl restriksyon LIHTC. Yon pòsyon nan inite ki nan pwogram asistans yo ka gen preferans seleksyon lokatè ke yo va administre konfòmeman a egzijans Pwogram RAD yo.

D. Gallery at Marti Park

Gallery at Marti Parc pral yon pwojè nouvo konstriksyon ki genyen apeprè 176 inite, a revni miks LIHTC nan katye Little Havana nan Vil Miami. Apeprèman, 36 inite ki nan pwogram asistans pral transfere soti nan Building 750 Haley Sofge (FL005000835) nan kad yon transfè asistans melanj RAD/Seksyon 18. Yo va soumèt yon demann TPV bay HUD nan objektif pou ranplase inite Seksyon 18 yo ki nan Building 750 Haley Sofge (jan sa endike pi wo a). Si HUD akòde demann nan, bon pou pwojè yo va sèvi pou pwojè sa a. Yo pral pousuiv divès sous finansman, tankou melanj

Tradiksyon ofisyèl

RAD/Seksyon 18 ak LIHTC pou ede avèk sa konstriksyon an koute, sa tranzaksyon yo koute, ak finansman global pwojè a. Pwojè a ka sou kontwòl restriksyon LIHTC. Yon pòsyon nan inite ki nan pwogram asistans yo ka gen preferans seleksyon lokatè ke yo va administre konfòmeman a egzijans Pwogram RAD yo.

E. Rainbow Village/Gwen Cherry 23

Rainbow Village/Gwen Cherry 23 (FL005000830) fèt aktyèlman avèk 136 inite lojman publik ki fèt ak plizyè biling a de etaj. Rainbow Village/Gwen Cherry 23 pral yon konvèsyon 136 inite.

Pwojè 136 inite sa a pral konvèti nan kad RAD ak/oswa nan kad melanj RAD/Seksyon 18 an plizyè faz. Yo va soumèt yon demann TPV bay HUD nan objektif pou ranplase inite Seksyon 18 yo. Si HUD akòde demann nan, bon pou pwojè yo va sèvi pou pwojè sa a. Yo pral pousuiv divès sous finansman, tankou men pa sèlman melanj RAD/Seksyon 18 ak LIHTC pou ede avèk sa konstriksyon an koute, sa tranzaksyon yo koute, ak finansman global pwojè a. Pwojè a ka sou kontwòl restriksyon LIHTC. Yon pòsyon nan inite ki nan pwogram asistans yo ka gen preferans seleksyon lokatè ke yo va administre konfòmeman a egzijans Pwogram RAD yo.

F. South Miami Gardens

South Miami Gardens ki te fè pati nan AMP FL005000842 fèt avèk 58 inite lojman publik. Yo te konvèti tout 58 inite yo nan Faz I nan kad pwogram RAD a epi se yon sit multi-familyal ki fenk konstwi, pou lokatè ki gen revni miks, epi pou itilizasyon miks. Yo pral pousuiv divès sous finansman, tankou RAD ak LIHTC pou ede avèk sa konstriksyon an koute, sa tranzaksyon yo koute, ak finansman global pwojè a. Pwojè a ka sou kontwòl restriksyon LIHTC. Yon pòsyon nan inite ki nan pwogram asistans yo ka gen preferans seleksyon lokatè ke yo va administre konfòmeman a egzijans Pwogram RAD yo.

Faz II redevelopman South Miami Gardens nan (Somi Parc) pral nouvo konstriksyon, revni miks, ak itilizasyon miks. Yo pral pousuiv divès sous finansman, tankou LIHTC pou ede avèk sa konstriksyon an koute, sa tranzaksyon yo koute, ak finansman global pwojè a. Pwojè a ka sou kontwòl restriksyon LIHTC. Pwojè sa a ka gen ladan inite Faircloth yo (ke yo ka konvèti an RAD). Yon pòsyon nan inite ki nan pwogram asistans yo ka gen preferans seleksyon lokatè ke yo va administre konfòmeman a egzijans Pwogram RAD yo.

G. Jose Marti Villas

Jose Marti Villas (FL005000839) fèt aktyèlman avèk 131 inite lojman publik ki epapiye atravè twa (3) devlopman – Jose Marti Plaza, Falk Turnkey, ak Little Havana Homes. Jose Marti Villas pral yon konvèsyon konplè tout 131 inite nan devlopman sa yo.

Yo va konvèti pwojè 131 inite sa a nan kad RAD oswa melanj RAD/Seksyon 18 an yon (1) faz konstriksyon/restorasyon, revni miks, ak itilizasyon miks ki epapiye nan sit yo. Ka gen transfè asistans ant twa (3) devlopman ki la deja yo (paregzamp, inite nan Little Havana Homes ka ranplase nan Jose Marti Villas ak/oswa Falk Turnkey). Yo pral pousuiv divès sous finansman, tankou RAD/Seksyon 18 ak LIHTC pou ede avèk sa konstriksyon an koute, sa tranzaksyon yo koute, ak finansman global pwojè a. Pwojè a ka sou kontwòl restriksyon LIHTC. Demann ka fèt pou TPV pou ranplase inite Seksyon 18 yo, e si HUD akòde demann nan, yo ka fè yo pou pwojè e plase yo nan pwojè a.

H. Gallery at Little Havana

Gallery at Little Havana se yon pwojè yo planifye nan katye Little Havana nan Vil Miami ki ka itilize inite Faircloth yo (ke yo ka konvèti an RAD) oswa yo ka resevwa yon transfè asistans inite soti nan yon lòt pwojè. Yo pral pousuiv divès sous finansman, tankou RAD/Seksyon 18 ak LIHTC pou ede avèk sa konstriksyon an koute, sa tranzaksyon yo koute, ak finansman global pwojè a. Pwojè a ka sou kontwòl restriksyon LIHTC. Yo va soumèt yon demann TPV bay HUD nan objektif pou ranplase inite Seksyon 18 yo, e si HUD akòde demann nan, yo ka fè yo pou pwojè e plase yo nan pwojè a. Yon pòsyon nan inite ki nan pwogram asistans yo ka gen preferans seleksyon lokatè ke yo va administre konfòmeman a egzijans Pwogram RAD yo.

Yon pòsyon nan inite ki nan pwogram asistans yo ka gen preferans seleksyon lokatè ke yo va administre konfòmeman a egzijans Pwogram RAD yo. Melanj/varyete inite apre konvèsyon an ka diferan de melanj/varyete inite aktyèl la (sètadi rekonfigirasyon inite yo).

I. Liberty Square

Liberty Square (FL005000827) se yon sit lojman publik ki nan yon redevelopman a plizyè faz aktyèlman nan kad yon apwobasyon Finans Miks 2018 HUD (Amannman an 2022) pou retounen avèk 640 inite lojman publik. Yo ka ranplase kèk nan inite yo oswa tout nan kad RAD, melanj RAD/Seksyon 18, oswa yon melanj PBV ki nan RAD avèk PBV ki pa nan RAD ki fèt apati yon alokasyon TPV nan kad apwobasyon eliminasyon Seksyon 18 aktyèl la. Sizoka yo itilize RAD pou ranplase inite lojman publik nan sit la, yo ka amande oswa mete fen a apwobasyon Finans Miks HUD ki an vigè kounye a nan SAC a.

Faz separe yo se:

- **Faz 1** se yon pwopriyete 204 inite ki fini e ki okipe avèk 73 inite lojman publik. Yo ka konvèti inite lojman publik sa yo an RAD. Pwojè a te finanse avèk LIHTC ak lòt sous finansman. Akòz egzijans finansman, kèk nan inite yo ki nan pwogram asistans ka genyen preferans seleksyon lokatè.
- **Faz 2** se yon pwopriyete 204 inite fini ak pwopriyete okipe ak kounye a 73 inite lojman publik. Yo ka konvèti inite lojman publik sa yo an RAD. Pwojè a te finanse avèk LIHTC ak lòt sous finansman. Akòz egzijans finansman, kèk nan inite yo ki nan pwogram asistans ka genyen preferans seleksyon lokatè.
- **Faz 3** se yon pwopriyete 192 inite pwopriyete fin ranpli ak okipe ak 71 inite lojman publik. Yo ka konvèti inite lojman publik sa yo an RAD. Pwojè a te finanse avèk LIHTC ak lòt sous finansman. Akòz egzijans finansman, kèk nan inite yo ki nan pwogram asistans ka genyen preferans seleksyon lokatè.
- **Faz 4** se yon pwopriyete 193 inite ki kounye a sou konstriksyon epi ki pral gen apeprè 27 ranplasman inite lojman publik ki ka konvèti nan RAD. Y ap itilize LIHTC pou finanse depans konstriksyon ak tranzaksyon yo, kidonk restriksyon LIHTC ap aplike tou pou pwojè sa a. Akòz egzijans finansman, kèk nan inite asistans yo ka gen preferans pou seleksyon lokatè yo.
- **Pwochen faz yo** – Genyen senk (5) rès faz lokasyon anvizaje yo va fè pati nan sa ki rete anba nan 640 inite lojman publik yo te pwomèt yo. Pwochen faz ki genyen ranplasman inite lojman publik yo, yo ka retounen avèk yo kòm RAD, melanj RAD/Seksyon 18, oswa yon melanj PBV ki nan RAD avèk PBV ki pa nan RAD. Demann va fèt pou TPV pou ranplase inite Seksyon 18 yo, e si HUD akòde demann nan, yo ka fè yo pou pwojè e plase yo nan pwojè a. Yo ka pousuiv melanj RAD/Seksyon 18 pou tire tout avantaj ki genyen nan revni pwojè a epi finanse plis depans konstriksyon. Yo ka itilize LIHTC pou finanse depans konstriksyon an ak depans trazaksyon yo, kidonk restriksyon LIHTC yo ka aplike pou pwojè sa a tou. Sous finansman yo ka egzije ke kèk nan inite yo ki nan pwogram asistans genyen preferans seleksyon lokatè.

Tradiksyon ofisyèl

J. Faz 1 Culmer Place / Culmer Gardens

Culmer Place / Culmer Gardens (FL005000831) fèt avèk 226 inite lojman piblik ki epapiye atravè plizyè biling andedan yon gress sit. Faz 1 Culmer Place / Culmer Gardens va yon konvèsyon an pati pou 119 inite.

Yo pral pousuiv divès sous finansman, tankou RAD/Seksyon 18 ak LIHTC pou ede avèk sa konstriksyon an koute, sa tranzaksyon yo koute, ak finansman global pwojè a. Pwojè a ka sou kontwòl restriksyon LIHTC. Yo va soumèt yon demann TPV bay HUD nan objektif pou ranplase inite Seksyon 18 yo, e si HUD akòde demann nan, yo ka fè yo pou pwojè e plase yo nan pwojè a. Yon pòsyon nan inite ki nan pwogram asistans yo ka gen preferans seleksyon lokatè ke yo va administre konfòmeman a egzijans Pwogram RAD yo.

K. Homestead Gardens

Homestead Gardens (FL005000844) gen ladan 150 inite lojman piblik, tout nan yo ki pral konvèti. Faz mwen pral konpoze de 162 inite, nan ki 81 pral ranplasman inite, ak inite yo ranplasman ki rete yo te ranplase nan faz nan lavni. Yon varyete de sous finansman yo pral pouswiv, ki gen ladan RAD / Seksyon ak LIHTC ede ak depans konstriksyon, depans tranzaksyon ak finansman pwojè an jeneral. Pwojè a sijè a restriksyon LIHTC. Yon aplikasyon pou televizyon yo pral soumèt bay HUD pou objektif la nan ranplase inite seksyon yo epi si yo akòde, yo pral pwojè ki baze nan faz pwojè a. Yon pòsyon nan inite yo ede yo ka gen preferans seleksyon lokatè ki pral administre an akò ak kondisyon pwogram RAD.

L. Palm Court / Palm Tower

Palm Court / Palm Tower (FL005000825) gen ladan 191 inite lojman piblik, tout nan yo ki pral konvèti. Yon varyete de sous finansman yo pral pouswiv, ki gen ladan RAD / Seksyon ak LIHTC ede ak depans konstriksyon, depans tranzaksyon ak finansman pwojè an jeneral. Pwojè a sijè a restriksyon LIHTC. Yon aplikasyon pou televizyon yo pral soumèt bay HUD pou objektif la nan ranplase inite seksyon yo epi si yo akòde, yo pral pwojè ki baze nan faz pwojè a. Yon pòsyon nan inite yo ede yo ka gen preferans seleksyon lokatè ki pral administre an akò ak kondisyon pwogram RAD.

M. Perrine

Perrine (FL005000845) gen ladan 178 inite lojman piblik, tout sa ki pral konvèti. Yon varyete de sous finansman yo pral pouswiv, ki gen ladan RAD / Seksyon ak LIHTC ede ak depans konstriksyon, depans tranzaksyon ak finansman pwojè an jeneral. Pwojè a sijè a restriksyon LIHTC. Yon aplikasyon pou televizyon yo pral soumèt bay HUD pou objektif la nan ranplase inite seksyon yo epi si yo akòde, yo pral pwojè ki baze nan faz pwojè a. Yon pòsyon nan inite yo ede yo ka gen preferans seleksyon lokatè ki pral administre an akò ak kondisyon pwogram RAD.

N. Heritage Village/Moody Gardens

Heritage Village I & II (FL005000843) ak Moody Village & Moody Gardens (FL005000846) gen ladan 150 inite lojman piblik, tout nan yo ki pral konvèti. Yon varyete de sous finansman yo pral pouswiv, ki gen ladan RAD / Seksyon ak LIHTC ede ak depans konstriksyon, depans tranzaksyon ak finansman pwojè an jeneral. Pwojè a sijè a restriksyon LIHTC. Yon aplikasyon pou televizyon yo pral soumèt bay HUD pou objektif la nan ranplase inite seksyon yo epi si yo akòde, yo pral pwojè ki baze nan faz pwojè a. Yon pòsyon nan inite yo ede yo ka gen preferans seleksyon lokatè ki pral administre an akò ak kondisyon pwogram RAD.